

Akademisyen Rogéda Dorcé DORCIL, nouvo Prezidan Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA)



Asanble Akademisyen yo eli **Akademisyen Rogéda Dorcé DORCIL** kòm nouvo Prezidan Akademi Kreyòl Ayisyen. Asanble a pran desizyon sa vandredi 19 novanm 2021 an, nan okazyon yon Asanble jeneral estrawòdinè yo te òganize nan Pòtoprens akòz vid ki te genyen nan tèt enstitisyon an apre demisyon ansyen prezidan Akademi an, Akademisyen Pierre-André PIERRE.

Nan menm okazyon an, Asanble a chwazi Akademisyen Grégory CALIXTE pou konplete Konsèy administrasyon AKA. Nouvo Prezidan an ap gen pou li fini fè rès manda ansyen Prezidan an, sa vle di li ap gen pou pase yon lane nan tèt Akademi an. Pou kounye a, Konsèy administrasyon Akademi an gen pèsonalite sa yo ladan li:

- 1) Akademisyen Rogéda Dorcé DORCIL, Prezidan)
- 2) Akademisyen Michel Frantz GRANDOIT, Visprezidan
- 3) Akademisyen Jean Grégory CALIXTE , Sekretè jeneral
- 4) Akademisyen Michel Emmanuel BAZILE, Manm
- 5) Akademisyen Serge BELLEGARDE, Manm
- 6) Akademisyèn Rosilia François CORNEILLE, Manm
- 7) Akademisyen Samuel JEAN BAPTISTE, Manm

Se nan mwa desanm 2018, Akademisyen yo te eli Akademisyen Pierre André PIERRE pou yon pwemye manda ki te bout nan ane 2020; nan menm ane 2020 an, Akademisyen Pierre André PIERRE te benefisyè konsyans Asanble Akademisyen yo ankò. Dezyèm manda sa te dwe fini nan lane 2022.

Nouvo Prezidan Akademi an, Rogéda Dorcé DORCIL pwomèt li pral travay ak tout enstans nan AKA yon fason pou pèmèt enstitisyon an ranpli misyon li jan lalwa ak Konstitisyon an prevwa sa. Nouvo Prezidan an ki te deja Manm KAd la, pran angajman devan Asanble a pou li kontinye egzekite pwojè ansyen Prezidan an te genyen nan ajanda li.

Rogéda Dorcé DORCIL se pastè, lengwis epi li se pwofesè nan Inivèsite Leta Ayiti. Li se yon ansyen Dwayen Fakilte Lengwistik Aplike (FLA) tou.

Akademisyen Rogéda Dorcé DORCIL se twazyèm (3è) Prezidan Akademi Kreyòl Ayisyen apre Jean Pauris JEAN BAPTISTE (2014-2016/ 2016-2018) ak Pierre-André PIERRE (2018-2020 /2020-2021).

@ Direksyon Kominikasyon AKA